



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **D-140**

Sijè: **PWOSIS POU NOME AK CHWAZI MANM KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE
(COMMUNITY EDUCATION COUNCILS, CEC), LADAN POU KONBLE PÒS KI VID YO**

Kategori: **KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE (CEC)**

Pibliye: **22 desanm 2022**

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) D-140 ki gen dat 29 avril 2021.

Chanjman:

- Mete ajou plizyè dispozisyon atravè règleman an pou aliman avèk amannman 2022 nan Lwa Edikasyon New York ki gen rapò ak konpozisyon Konsèy Edikasyon Kominote a, sètadi: ajoute kòm yon nouvo manm vòt yon paran ki gen pitit nan lekòl kounye a oswa nan yon pwogram Distri 75 oswa ki te nan yon lekòl nan espas de ane ki sot pase yo ; epi ajoute yon dezyèm manm elèv ki pa gen dwa pou vote.
- Etabli yon pwosesis pou eleksyon nouvo manm ki ka vote k ap reprezante lekòl ak pwogram Distri 75 yo, ak yon pwosesis pou ranpli nenpòt pòs ki vid nan pòzisyon sa a (Seksyon V, IX).



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **D-140**

Sijè: **PWOSIS POU NOME AK CHWAZI MANM KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE (COMMUNITY EDUCATION COUNCILS, CEC), LADAN POU KONBLE PÒS KI VID YO**

Kategori: **KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE (CEC)**

Pibliye: **22 desanm 2022**

REZIME

Règleman sa a detaye kondisyon pou elijib ak pwosedi pou nome epi chwazi manm pou Konsèy Edikasyon Kominote (Community Education Council, CEC). Li gen tou pwosesis pou ranpli pòs vid yo.

I. KONPOZISYON

Chak distri lekòl kominote dwe gen yon CEC ki genyen 12 manm ki ka vote ak yon manm ki pa ka vote ki se yon elèv. Yo chwazi nèf nan manm ki ka vote yo dapre pwosedi yo tabli nan règleman sa a epi manm sa yo, lè y ap chwazi yo, dwe se paran elèv ki nan klas Kindergarten jiska klas 8yèm ane, oswa ki nan yon pwogram Pre-K, ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Pre-K kounye a ki nan jiridiksyon distri lekòl kominote a ofri. Yo eli yon dizyèm manm ki ka vote dapre pwosedi ki tabli nan règleman sa a epi li dwe, nan moman eleksyon yo, paran yon elèv ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75 ki nan distri jewografik CEC a. Se Prezidan Borough a ki nome de lòt manm ki ka vote yo. Se sipèntandan kominote a ki nome elèv manm lan.

II. ELIJIBLITE

A. Paran

1. Nèf paran manm k ap sèvi nan CEC a dwe se paran ki gen timoun nan yon lekòl oswa nan yon pwogram pre-K nan jiridiksyon distri kominote a ofri, oswa ki te ale nan yon lekòl oswa nan yon pwogram pre-K nan espas de ane ki sot pase yo.
2. Yon paran dwe se paran yon timoun ki nan lekòl Distri 75 oswa nan yon program ki nan distri jewografik CEC a, oswa ki te nan yon lekòl oubyen yon pwogram nan espas de ane ki sot pase yo.

3. Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li (foster parent)), responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak kontwòl yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.
 4. Nenpòt paran yon elèv ki nan klas Kindergarten rive 8yèm ane, oswa nan yon pwogram Pre-K, ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Pre-k kounye a nan yon lekòl ki nan distri lekòl kominote a, li elijib pou poze kandida l pou vin manm nan CEC pou distri lekòl kominote sa a.
 5. Nimpòt paran elèv nan yon lekòl Distri 75 oswa yon pwogram ki nan distri jewografik CEC a elijib pou poze kandidati l pou vin manm nan CEC ki rezève pou paran yon elèv ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75 (“Plas Distri 75”).
 6. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an voye yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan CEC a.
 7. Yon paran timoun ki nan klas Kindergarten rive 8yèm ane ki elijib nan moman l ap ranpli aplikasyon an ap, si yo eli l kòmsadwa, kapab fè tout dire manda dezan an nan CEC a, menmsi pitit li a gradye nan klas 8yèm ane ak/oswa sispann ale nan yon lekòl ki nan jiridiksyon distri lekòl kominote a pandan manda paran an.
 8. Yon paran yon timoun nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75 ki elijib nan moman l ap ranpli aplikasyon an dwe, si li eli kòmsadwa, gen pèmasyon pou l sèvi yon manda konplè de ane nan CEC, menm si timoun nan sispann ale nan yon lekòl Distri 75 oswa yon pwogram ki nan distri jewografik CEC a pandan manda paran an.
 9. Yon paran yon timoun ki nan yon pwogram Pre-K ki elijib nan moman l ap ranpli aplikasyon an pa p elijib pou vin manm si pitit li a pa nan yon lekòl oswa yon pwogram ki nan menm jiridiksyon distri lekòl kominote a.
 10. Dire manda manm paran yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.
- B. Moun Prezidan Borough a nome
1. De manm Prezidan Borough a nome yo, dwe abite nan distri a, oswa gen oswa jere yon biznis nan distri a, epi fè anpil biznis, tranzaksyon komèsyal, oswa gen eksperyans ak konesans nan domèn edikasyon. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo.
 2. Moun k ap chèche pou Prezidan Borough la nome yo nan CEC a, ap pran yon aplikasyon nan Biwo pou Ranfòsman kapasite Fanmi ak Kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE), epi voye fòm ki ranpli a bay FACE nan ccceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite epi voye aplikasyon ki

elijib yo ba Prezidan Borough ki apwopriye a. Tout desizyon sou nominasyon ap pran dapre pwòp volonte Prezidan Borough a.

C. Manm elèv (manm ki pa ka vote)

1. Elèv lekòl segondè k ap nan dènye ane lekòl segondè ane y ap ofri sèvis yo, ki abite nan distri lekòl kominotè kote y ap ofri sèvis yo, epi ki se elèv yo eli nan konsèy elèv lekòl yo, kalifye pou sipèntandan kominotè a nome yo. Elèv yo pa bezwen nan lekòl segondè ki nan distri lekòl kominote kote yo pral ofri sèvis lan. Si pa gen elèv dènye ane yo eli nan gouvènman elèv la ki disponib pou sèvi, yo ka konsidere elèv nan dènye ane ki gen lòt fonksyon lidèchip (paegzanp, prezidan yon club). Nan règleman sa a, yon senior se yon elèv nan dènye ane lekòl segondè ki gen 30 kredi lekòl segondè.
2. Elèv ki enterese dwe pran yon aplikasyon nan FACE epi voye aplikasyon yo ranpli a bay FACE nan cecinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon ki elijib yo bay Sipèntandan distri a. Tout desizyon sou nominasyon ap pran dapre pwòp volonte Sipèntandan an.
3. Manm elèv ki pa ka vote yo eli pou yon manda yon ane k ap kòmanse 1ye jiyè epi fini 30 jen ane apre a.

D. Moun ki pa elijib pou vin manm yon Konsèy

1. Moun sa yo pa elijib:
 - a. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nome oswa eli nan pozisyon yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon kote);
 - b. Anplwaye aktyèl Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE);
 - c. Moun ki nan yon lòt CEC, oswa nenpòt Konsèy Vil.
 - d. Manm Komite pou Règleman sou Edikasyon an (Panel for Educational Policy, PEP);
 - e. Moun yo te revoke nan yon Asosyasyon Paran (Parent Asosyasyon, PA) oswa Asosyasyon Pwofesè-Paran (Parent Teacher Association, PTA), nan yon Ekip Lidèchip Lekòl (School Leadership Team, SLT), nan Konsèy Prezidan (Presidents' Council, PC), nan Konsèy Lekòl Segondè Borough (Borough High School Council, BHC), oswa nan Komite Tit I (Title I Committee) pou yon move zak ki gen rapò dirèk ak sèvis li nan asosyasyon, ekip, konsèy, oswa komite; ak

- f. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè.
2. Moun sa yo ka pa elijib:
 - a. Moun ki te angaje nan yon zak mekanste ki gen rapò dirèk avèk sèvis nan yon CEC oswa nan yon Konsèy Vil; oswa
 - b. Moun yo te kondane pou yon krim, si yo konsidere kondanasyon sa a dapre Atik 23-A Lwa Penal Eta Nouyòk la.

III. ELEKSYON NAN YON CEC

- A. FACE ap pibliye pwosesis eleksyon an, ki gen ladan kalandriye pou voye aplikasyon ak vote, apati janvye ane eleksyon an.
- B. Paran ki enterese pou vin yon manm nan CEC ap voye yon aplikasyon sou entènèt atravè yon kont Lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, “NYCSA”). Paran ki pa gen aksè nan entènèt dwe fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa nan biwo distri a, oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou jan pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik yo.
- C. Kandida yo ap sètifye nan aplikasyon an ke yo mete tout pitit yo ki nan lekòl DOE sou kont NYCSA yo a. Y ap konsidere yon kandida ki aplike pou CEC kòm yon reprezantan chak lekòl ki nan jiridiksyon distri lekòl kominote kote li gen yon timoun ki lekòl nan moman an. Y ap konsidere yon kandida ki aplike pou pòs Distri 75 la kòm yon reprezantan chak lekòl Distri 75 oswa pwogram Distri 75 ki nan distri jewografik CEC a kote l gen yon timoun kounye a. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl kote l se yon reprezantan, sa ap lakoz yo diskalifye li.
- D. Kandida yo ka aplike pou otan konsèy Edikasyon Vil la ak/oswa kominote ke yo elijib men, si yo eli, y ap pèmet yo sèvi nan youn sèlman. Kandida ki swete aplike pou plizyè konsèy dwe klase yo dapre lòd preferans; si yo eli nan plis pase yon konsèy, y ap plase yo nan konsèy yo te klase pi wo a.
- E. Omwen yon paran elèv ki genyen oswa ki te genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program (“Paran IEP”) dwe gen yon pòs nan CEC a. Yon kandida ki ta renmen vin manm dwe dakò pou bay enfòmasyon ki di kandida sa a se yon paran IEP.
- F. Omwen yon paran elèv ki se oswa ki te yon elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learner, (“Paran ELL”) dwe okipe yon pòs nan CEC a. Yon elèv ELL se yon elèv ki pa pale anglè lakay li epi ki nan yon pwogram an de lang (dual language, DaL), yon pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon, oswa yon pwogram Angle kòm yon yon nouvo lang paske elèv la bezwen sipò pou aprann anglè. Yon kandida ki ta

renmen vin manm nan CEC kòm yon paran ELL dwe dakò nan aplikasyon an pou bay enfòmasyon ki di kandida sa a se yon paran ELL.

IV. FOWÒM KANDIDA

- A. Nan chak distri lekòl kominote, konsèy prezidan an, nan kolaborasyon ak sipò FACE, pral fè omwen yon fowòm kandida kote kandida yo pral otorize fè prezantasyon bay paran ak lòt moun ki enterese.
- B. Yon Fowòm Kandida apa ka fèt pou kandida k ap chèche eleksyon nan pòs Distri 75 la.
- C. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan peryòd vòt lan kòmanse, ki dwe fini avan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an.
- D. Fowòm Kandida yo ka fèt nan yon lokal fizik oswa sou yon platfòm reyinyon vityèl. Konsèy Prezidan an, ansanm avèk FACE, pral detèmine dat, lè ak fòm pou chak Fowòm Kandida. Nan ka yon fowòm an pèsòn, FACE pral mete yon lokal ki aksesib, ki respekte nòm ADA epi pran pri tout pèmi ki nesèsè pou lokal DOE. Nan ka fowòm ki fèt nan yon platfòm vityèl, FACE pral responsab peye platfòm lan ak bay asistans teknik pandan reyinyon an.
- E. Avan chak Fowòm Kandida, FACE pral mete pòsyon aplikasyon chak kandida disponib k ap gen non kandida a, lekòl ak pwogram timoun yo, ak deklarasyon pèsònèl (“Pwofil Kandida”). Yo dwe afiche Pwofil Kandida yo sou sitwèb DOE a pou paran ak piblik la ka wè. FACE pral bay tou kopi pou yo distribye nan Fowòm Kandida k ap fèt anpèsòn yo.

V. PWOSIS ELEKSYON

- A. Moun ki elijib pou vote
 - 1. Yon paran yon elèv ki nan klas Kindergarten rive 8yèm ane, oswa nan yon pwogram Pre-K, ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Pre-k kounye a nan yon lekòl ki nan jiridiksyon distri lekòl kominote a elijib pou vote nan CEC ki nan distri sa a.
 - 2. Yon paran yon elèv nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75 ki nan distri jewografik CEC a elijib pou vote pou pòs Distri 75 la.
 - 3. Yo ka bay twa vòt pa elèv ki elijib.
- B. Vòt
 - 1. Nou ankouraje paran yo pou vote sou entènèt atravè aplikasyon NYCSA.

2. Paran ki pa gen aksè entènèt ka fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa nan biwo distri a pou kreye yon kont NYCSA epi vote, oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou jan pou jwenn konpitè nan bibliyotèk piblik yo.
3. Bilten vòt an papyè pral disponib tou nan biwo sipèentandan yo. Si yon biwo sipèentandan kreye yon kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non yon paran, biwo sipèentandan an dwe kenbe dosye bilten vòt an papyè paran an ranpli a ki endike chwa paran an, konsantman paran an pou biwo sipèentandan an kreye kont NYCSA epi antre vòt paran an nan non paran an, ak yon sètifika biwo sipèentandan an te antre vòt paran an nan non paran an.

C. Plas kandida yo

1. Youn nan nèf manm ki eli nan CEC a dwe se paran elèv k ap patisipe nan yon lekòl oswa yon pwogram pre-K ki nan jiridiksyon distri lekòl kominote a ofri, omwen youn dwe yon Paran IEP epi omwen youn dwe yon Paran ELL. Yo ka mete nenpòt lòt paran ki elijib nan lòt sèt pòs yo. Anplis, sof nan limit ta gen nesosite pou ranpli tout pòs yo ak/oswa pou mete yon paran IEP ak yon paran ELL, okenn lekòl pa ka gen plis pase yon reprezantan nan CEC. Lè yo fin konte bilten vòt yo:
 - a. Y ap chwazi sèt kandida ki gen pi gwo kantite vòt pou ranpli yon pòs sou kondisyon. Sepandan, si pami sèt kandida sa yo gen plis pase yon kandida ki soti nan menm lekòl la, yo pral chwazi kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a, y ap retire kandida ki soti nan menm lekòl la ki gen kantite vòt ki pi piti a, epi yo pral chwazi pwochen kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a ki soti nan yon lòt lekòl ki poko reprezante yon lekòl nan CEC a sou kondisyon.
 - b. Si yon paran IEP ak yon paran ELL pami sèt kandida yo chwazi sou kondisyon yo apre yo fin elimine kandida ki nan menm lekòl yo, y ap chwazi sou kondisyon pwochen de kandida ki gen pi gwo kantite vòt ki pa nan menm lekòl avèk sèt kandida yo deja chwazi sou kondisyon yo pou ranpli de pòs ki rete yo nan CEC a.
 - c. Si pa gen yon paran IEP ak/oswa yon paran ELL pami sèt kandida yo chwazi sou kondisyon yo apre yo fin elimine kandida ki soti nan menm lekòl yo, kidonk y ap chwazi sou kondisyon paran IEP ak/oswa paran ELL ki gen plis kantite vòt la respèktivman. Si paran IEP ak/oswa paran ELL sa a soti nan menm lekòl la kòm yon kandida yo deja chwazi epi gen yon lòt paran IEP ak/oswa paran ELL ki soti nan yon lekòl ki poko gen reprezantan nan CEC a, yo pral chwazi yon paran IEP ak/oswa paran ELL ki vin apre avèk plis kantite vòt nan yon lekòl ki poko gen reprezantan nan CEC a.

- d. Yon kandida ki se alafwa yon paran IEP ak yon paran ELL dwe chwazi si li vle pran pòs IEP a oswa pòs ELL a, pou asire tout pòs nan CEC yo ranpli.
 2. Yo dwe konte vòt pou pòs Distri 75 la apa epi yo pral chwazi kandida ki gen pi gwo kantite vòt la pou ranpli pòs sa a. Y ap plase yon kandida sou kondisyon kòm reprezantan yon lekòl ki nan jiridiksyon distri kominote a epi chwazi yon kandida pou pòs Distri 75 la nan pòs Distri 75 la.
- D. Dezyèm tou eleksyon
1. Y ap fè dezyèm tou eleksyon lè:
 - a. gen de oswa plizyè kandida ki gen menm kantite vòt;
 - b. pa gen okenn Paran IEP ak/oswa Paran ELL, oswa okenn kandida pou pòs Distri 75 la ki resevwa okenn vòt; oswa
 - c. youn oswa plizyè pòs rete vid apre tout kandida ki pa nan menm lekòl deja okipe pòs nan CEC a.
 2. Nan ka gen de oswa plizyè kandida ki gen menm kantite vwa, se sèlman kandida ki te gen menm kantite vòt yo ki pral patisipe nan lòt tou eleksyon an.
 3. Nan ka yon dezyèm tou eleksyon poutèt pa gen okenn paran IEP ki te resevwa vòt, se sèlman kandida ki se paran IEP ki pral patisipe nan dezyèm tou eleksyon pou pòs IEP a. Nan ka yon dezyèm tou eleksyon poutèt pa gen okenn paran ELL ki te resevwa vòt, se sèlman kandida ki se paran ELL ki pral patisipe nan dezyèm tou eleksyon pou pòs ELL a.
 4. Nan ka yon dezyèm tou eleksyon poutèt youn oswa plizyè pòs rete vid ak/oswa paske pa gen paran IEP oswa ELL kòm manm apre yo fin elimine kandida ki gen timoun ki ale nan lekòl ki deja reprezante nan CEC a, se sèlman kandida yo pa te chwazi sou kondisyon ak sa ki pa gen timoun nan lekòl ki deja reprezante pami kandida ki la yo ap k ap patisipe nan dezyèm tou eleksyon an. Si dezyèm tou eleksyon an pa rive ranpli tout pòs vid yo, oswa yon pòs pou paran IEP oswa ELL, donk yo pa pral aplike restriksyon konsènan lekòl ki pa gen plis pase yon reprezantan nan CEC a.
 5. Kote pa gen kandida ki fè plis vòt nan yon dezyèm tou, ajan endepandan k ap jere pwosesis eleksyon pou DOE a ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
 6. Si pwosesis lòt tou eleksyon yo pale pi wo a pa rive ranpli tout pòs yo, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A règleman sa a.

VI. EVALYASYON KALIFIKASYON/ELIJIBLITE APRE CHWA

- A. Apre yo fin chwazi kandida yo sou kondisyon men avan yo kòmanse fonksyon yo, FACE ap detèmine si kandida yo elijib pou sèvi nan CEC a. Si FACE detèmine yon kandida pa elijib, FACE ap pibliye yon desizyon alekri ki gen ladan baz legal, ak prè v pou piblikasyon li an. Yo pral ranplase nenpòt kandida FACE konsidere ki pa elijib pou pòs la pa kandida ki te resevwa pi gwo kantite vòt la ki pa soti nan yon lekòl ki deja reprezante nan CEC a.
- B. Si yon kandida yo fin chwazi vin pa elijib oswa si yo diskalifye l apre pwosesis chwa a nan dat 30 jen ane eleksyon an oswa avan dat sa a, yo pral chwazi sou kondisyon kandida ki te gen plis vòt pandan premye tou a apre kandida sa a epi ki pa sòti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CEC a.
- C. Si kandida ki pa elijib la oswa ki pa kalifye a se sèl paran IEP ke yo te chwazi, y ap chwazi sou kondisyon paran IEP ki vin apre ki te gen plis vòt nan premye tou eleksyon an epi ki pa sòti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CEC a.
- D. Si kandida ki pa elijib la oswa ki pa kalifye a se sèl paran ELL ke yo te chwazi, y ap chwazi sou kondisyon paran ELL ki vin apre ki te gen plis vòt nan premye tou eleksyon an epi ki pa sòti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CEC a.
- E. Si kandida yo chazi yo jan yo di nan seksyon sa gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis la pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajòsò.
- F. Si pa gen kandida elijib ki disponib pou chwazi, ap sanse genyen yon pòs vid nan konsèy la kote y ap mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A règleman sa a.

VII. KALANDRIYE

- A. Y ap fè eleksyon manm CEC yo chak dezan, nan ane enpè yo. Vòt la ap fini nan dezyèm Madi mwa me, san konte lòt tou eleksyon ki nesèsè.
- B. Pwosesis eleksyon an ap kòmanse an janvyè ane y ap fè eleksyon an, kote FACE ap pibliye enfòmasyon konsènan wòl, fonksyon ak aktivite CEC a, enfòmasyon sou kandida, ansanm ak tip aplikasyon ak pwosesis vòt la.
- C. Manda manm CEC yo dwe kòmanse 1ye jiyè apre eleksyon an epi fini 30 jen dezan apre sa. Yo mande tout manm CEC yo pou ale nan yon sesyon oryantasyon FACE òganize avan kòmansman manda yo, epi omwen yon lòt fòmasyon nan dezyèm ane manda yo.

VIII. DEMISYON

A. Manm paran

Demisyon manm paran yo dwe fèt alekri, bay FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo ap efektif imedyatman lè yo rive nan men FACE, sofsi yo espesifye yon dat apre. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè FACE dakò.

B. Moun Prezidan Borough a nome

Demisyon manm Prezidan Borough a nome dwe fèt alekri bay Prezidan Borough ki fè nominasyon an, avèk yon kopi pou FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon ap efektif lè Prezidan Borough a resevwa li, sofsi yo espesifye yon dat apre. Manm ki fin bay demisyon yo pa ka chanje lide yo, ni anile l, ni modifye l, eksepte si Prezidan Borough ki fè nominasyon an dakò.

C. Manm Elèv

Demisyon manm elèv yo dwe fèt alekri bay sipèentandan kominote ki fè nominasyon an, avèk yon kopi bay FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo ap efektif lè sipèentandan kominote a resevwa yo, sofsi yo espesifye yon dat apre. Manm ki bay demisyon yo pa ka chanje lide, ni anile l ni modifye l, eksepte si sipèentandan kominotè ki te nome yo a dakò.

IX. PÒS VID

A. Pòs vid Paran Manm ak pòs vid pou manm Prezidan Borough yo nome

1. Manm CEC ki, nan fen manda yo, refize oswa neglije ale nan twa reyinyon mansyèl regilye CEC a, san yo pa bay yon eskiz valid alekri, alòske yo te mete yo okouran kòm sadwa, yo konsidere yo kite pòs lan.
 - a. Y ap mete nan pwosè vèbal ofisyèl reyinyon sa a chak absans ak tout eskiz alekri manm sa yo bay.
 - b. Bagay sa yo reprezante eskiz valab pou absans: lanmò yon moun nan fanmi manm lan oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm CEC a oswa yon moun nan fanmi manm lan pran fè aksidan, lòd tribinal pou l prezante l paegzanp pou ranpli obligasyon l kòm manm nan jiri ; travay militè; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè manm lan oblije absan nan reyinyon yon CEC ak lòt rezon CEC a jije apwopriye. Yo ka konsidere lòt rezon sa yo valab si yo mete CEC a okouran alekri pa pi ta pase 15 jou apre absans lan epi yo apwouve yo avèk vòt CEC nan pwochen reyinyon kote ki gen kowòm yo pwogramme chak mwa yo.

- c. Apre twazyèm absans manm lan san l pa bay eskiz valab, CEC a ap deklare pòs la vid atravè desizyon epi l ap mete FACE okouran konsènan mezi sa a. Si yo deklare gen yon pòs vid pou yon moun Prezidan Borough a te nome, CEC a ap fè Prezidan Borough a konnen sa.
2. Lè gen yon pòs paran ki vid nan Distri 75 la, CEC a dwe ranpli pòs vid la pou rès manda ki poko fini an atravè yon eleksyon nan yon reyinyon piblik.
 - a. CEC dwe piblye pòs vid la tout kote, dekri pwosesis aplikasyon an ak espesifye yon delè pou voye aplikasyon an ale.
 - b. Tout kandida yo dwe jwenn yon aplikasyon pou pòs ki vid nan FACE epi retounen fòm lan apre l fin ranpli bay FACE. FACE dwe gade si yo elijib pou ranpli pòs la, epi l ap voye pòsyon aplikasyon kandida ki elijib yo bay CEC a.
 - c. Si pòs vid lan se yon plas yon paran IEP genyen, epi pa gen manm CEC ki rete ki se paran IEP ki rete ankò sèl kandida elijib yo se pral paran IEP Si pòs vid lan se yon plas yon paran yon ELL genyen, epi pa gen manm CEC ki rete ki se paran an ELL, sèl kandida elijib yo se pral paran ELL.
 - d. Y ap bay konsèy prezidan distri lekòl kominote a ak lòt gwoup edikasyon opòtinite pou yo fè rekòmandasyon alekri ak pou pale avèk CEC a avan yo konble pòs la. Anvan CEC a chwazi yon paran IEP oswa yon paran ELL pou mete nan yon pòs vid pou yon plas yon paran IEP oswa paran ELL okipe , li dwe chita pale avèk Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal (Citywide Council on Special Education, CCSE) oswa Konsèy Vil pou Elèv k ap aprann lang angle (Citywide Council on English Language Learners, CCELL).
3. Si CEC a pa rive mete yon manm nan pòs manm paran ki vid la nan 60 jou apre yo deklare okenn kandida pa rive gen majorite vòt, Chanselye a ap vote pou depataje yo. Si CEC a pa rive mete yon manm nan pòs la nan 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a ap bay CEC lòd pou l mete yon manm nan pòs vid la dapre Seksyon 2590-I Lwa sou Edikasyon.
4. Lè Prezidan Borough a nome yon manm epi pòs la vin vid, Prezidan Borough a ap nome yon manm pou sèvi pandan rès manda ki poko fini an. Moun ki enterese dwe jwenn yon Aplikasyon pou nominasyon Prezidan Borough pou CEC nan FACE epi retounen fòm ki ranpli a bay FACE. FACE ap gade kondisyon elijiblite pou ranpli pòs la, epi l ap voye aplikasyon an bay Prezidan Borough ki apwopriye a. Tout desizyon sou nominasyon ap pran dapre pwòp volonte Prezidan Borough a.
5. Lè gen yon pòs vid nan pòs Distri 75 la, Konsèy Prezidan Distri 75 la dwe ranpli pòs vid la pou manda ki poko ekspire a nan yon reyinyon ki pwograme regilyèman. Konsèy Prezidan Distri 75 la dwe fè piblisite pou pòs vid la, epi yo dwe voye aplikasyon yo bay FACE jan sa prevwa nan Seksyon IX.A.2.b. Sèl aplikan

ki kalifye yo se paran elèv ki nan yon lekòl oswa yon pwogram Distri 75 ki nan distri jewografik CEC a.

B. Pòs manm elèv ki vid

Nan ka gen yon pòs elèv vid, sipèntandan kominotè a ap nome yon lòt elèv dènye ane ki sou lis elèv elijib la pou fè rès manda ki poko ekspire a. Sipèntandan an ap enfòmè FACE ak CEC a sou nominasyon an.

X. PWOSESIS POU POTE PLENT

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent osijè moun ki pa respekte règleman sa a sou senk (5) jou apre swadizan vyolasyon an, epi yo dwe mete nan lèt la rezon spesifik pou plent lan.

XI. ASISTANS TEKNIK

FACE pral sipèvizè aplikasyon pwosedi ki nan règleman sa a, epi l ap bay asistans teknik lè sa nesesè.

XII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family and Community Engagement

N.Y.C. Depatman Edikasyon (DOE)

52 Chambers Street - Room 409

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4118

Imèl: CCECinfo@schools.nyc.gov